

Vaksen COVID-19

pou Timoun ak Adolesan yo



PIFÒ TIMOUN AK TOUT ADOLESAN YO KA PRAN VAKSEN KONT COVID-19 YO

CDC REKÒMANDE POU TOUT MOUN KI GEN LAJ 5 LANE OSWA PLIS PRAN
YON VAKSEN COVID-19 POU EDE PWOTEJE YO KONT COVID-19.

	Pfizer-BioNTech (COMIRNATY)	Moderna	J&J / Janssen
laj 4 lane ak pi piti	✗	✗	✗
5 - 11	✓	✗	✗
12 - 17	✓	✗	✗
18+	✓	✓	✓

Vaksinasyon toupatou kont COVID-19 se yon zouti enpòtan anpil pou pwoteje tout moun pi byen kont maladi grav ak lanmò, sitou moun ki gen pi gwo risk yo. Moun ki vaksinen konplètman yo ka rekòmanse an tout sekirite anpil aktivite yo te konn fè anvan pandemi an. Timoun ki gen laj 5 lane oswa plis kapab pran yon dòz vaksen Pfizer-BioNTech COVID-19 ki apwopriye pou laj yo.

Poukisa Timoun ak Adolesan yo Ta Dwe Vaksinen pou COVID-19

Byenke COVID-19 gen tandans pou li pi lejè kay timoun yo an konparezon ak granmoun, li ka fè timoun yo malad anpil epi lakòz timoun yo entène lopital. Nan kèk sitiayson, konplikasyon nan enfeksyon an ka mennen nan lanmò.

Byenke timoun yo gen yon risk pi fèb pou yo vin malad gravman ak COVID-19 an konparezon ak granmoun, timoun yo ka:

- Enfekte avèk virus ki lakòz COVID-19 la
- Vin malad anpil akòz COVID-19;
- Gen konplikasyon sante akoutèm ak alontèm
- Simaye COVID-19 la bay lòt moun

Vaksen COVID-19


Yo San Danje pou Timoun ak Adolesan



EDE PWOTEJE TIMOUN OU, FANMI OU, AK LÒT MOUN.

LÈ YO PRAN YON VAKSEN KONT COVID-19, SA KAPAB EDE PWOTEJE TIMOUN LAJ 5 LANE OSWA PLIS POU YO PA TRAPE COVID-19.

- Vaksinasyon timoun yo ka ede pwoteje manm fanmi yo, sa gen ladan frè ak sè ki pa kalife pou pran vaksen ak manm fanmi ki ka gen plis risk pou yo vin malad anpil si yo enfekte.
- Epitou, vaksinasyon an kapab ede anpeche timoun yo vin malad gravman menm si yo trape COVID-19.
- Vaksinasyon timoun ki gen laj 5 lane oswa plis ka ede kenbe yo lekòl epi ede yo patisipe an tout sekirite nan espò, jwèt ak lòt aktivite an gwoup.



PREPARE TIMOUN YO AK ADOLE SAN YO POU VAKSINASYON

Eksperyans nan pran vaksen COVID-19 pral sanble anpil ak eksperyans nan pran vaksen woutin yo.

- Li pa rekòmande ou bay medikaman pou soulaje doulè anvan vaksinasyon an pou eseye anpeche efè segondè.
- Enfòme doktè a oswa enfimye/enfimyè a pou nenpòt alèji timoun ou an ka genyen.
- Apre vaksinasyon timoun ou an kont COVID-19, yo pral mande ou pou ou rete pandan 15-30 minit pou yo ka obsève timoun ou an pou sizoka li gen yon reyakson alèjik grav epi li bezwen tretman imedyatman.

Anvan yo rekòmande vaksinasyon COVID-19 pou timoun yo, syantis yo te fè esè klinik. FDA te bay vaksen COVID-19 Pfizer-BioNTech lan otorizasyon dijans pou itilize kay timoun ki gen laj 5-15 lane epi apwobasyon konplè pou itilize li kay moun ki gen laj 16 lane oswa plis. Aprann plis sou pwosesis pou developman, otorizasyon ak apwobasyon vaksen COVID-19 yo.

AVANTAJ KI GENYEN NAN VAKSINASYON COVID-19 LA DEPASE RISK YO KONNEN AK RISK KI KA GENYEN YO. JWENN YON VAKSEN KONT COVID-19 POU TIMOUN LAJ 5 LANE OSWA PLIS DÈKE OU KAPAB.